**दिन—बुधवार** **दिनांक—30.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार विधान मंडलक शीतकालीन सत्र अगामी पचीस नवंबर सँ शुरू भऽकऽ उनतीस नवंबर धरि चलत। एहि क्रम मे कुल पाँच बैसार आयोजित कयल जायत। पहिल दिन नव सदस्यक शपथ ग्रहण सेहो कराओल जायत।

---

प्रदेशक चारि विधानसभा क्षेत्र इमामगंज, बेलागंज, तरारी आ रामगढ़ उप चुनाव लेल आइ नाम वापसीक अंतिम दिन छल। प्राप्त संवादक अनुसार रामगढ़ विधानसभा क्षेत्र सँ दू निर्दलीय प्रत्याशी अपन नाम वापस लऽ लेलनि। एहि सीट पर उप चुनाव लेल मतदान तेरह नवम्बर के होयत, जखनकि भोटक गिनती तेईस नवम्बर के कयल जायत।

---

दरभंगा सँ दिल्लीक मध्य इंडिगोक प्रतिदिनक उड़ान बारह दिसंबर शुरू होयत। एहि सँ पूर्व दरभंगा सँ मुम्बईक मध्य इंडिगोक उड़ानक बुकिंग शुरू भऽ चुकल अछि। ई जनतब जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष सह राज्यसभा सासंद संजय झा देलनि। ओ जनौलनि जे दरभंगा सँ देशक राजधानी दिल्ली आ आर्थिक राजधानी मुम्बईक मध्य हवाई यात्रा सुलभ हेबा सँ उत्तर बिहारक लोक के लाभ होयत आ मिथिलाक विकास के बल भेटत। विदित अछि जे दरभंगा सँ दिल्ली आ मुम्बई लेल एखन धरि मात्र स्पाईस जेट कंपनीक उड़ान सेवा उपलब्ध अछि।

---

भारतीय रेलवे दिवाली आ छठ पूजा के लऽकऽ यात्री लोकनिक भीड़ के देखैत सात हजार विशेष रेलगाड़ीक परिचालन कऽ रहल अछि। रेलवे पछिला वर्षक तुलना मे एहि वर्ष

अढ़ाई हजार अतिरिक्त रेलगाड़ी चला रहल अछि। एहि संग प्रमुख स्टेशन सभ पर अतिरिक्त टिकट काउंटर, टिकट वेडिंग मशीन, पूछ–ताछ काउंटर, खान–पान आ मोबाईल शौचालयक सेहो व्यवस्था कयल अछि। एम्हर, छठि पूजा के बाद वापसी मे लोकक सुविधा लेल रेलवे पटना जंक्शन, राजेंद्र नगर टर्मिनल, दानापुर आ पाटलिपुत्र स्टेशन पर होल्डिंग एरिया बेनबाक निर्णय लेलक अछि। एहि संग भीड़ प्रबंधन लेल आठ सऽ दस नवम्बर धरि एहि स्टेशन सभ पर प्लेटफॉर्म टिकट बिक्री बंद रहत।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राजमार्ग पर गश्ती के प्रभावी बनेबाक लेल आइ अड़तीस गश्ती वाहन के हरियर झंडी देखाकऽ विदा कयलनि। पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम मे ई गश्ती वाहन जनताक सेवा मे सौंपि देल गेल। एकर उद्देश्य सड़क सुरक्षा के मजगूत करय आ यातायात व्यवस्था के सूचारु बनायब अछि।

———————————————————————————

राज्य सरकार कहलक अछि जे पूर्व केंद्रीय मंत्री पशुपति कुमार पारस के पार्टी कार्यालयक मामिला मे नियमक अनुसार कार्रवाई कयल गेल अछि। भवन निर्माण मंत्री जयंत राज जनौलनि जे राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टी के राज्य स्तरीय पार्टीक दर्जा समाप्त हेबाक कारणे नियमक अंतर्गत कार्यालय छोड़बाक लेल कहल गेल अछि। एम्हर, पटना उच्च न्यायालय श्री पारस के एहि मामिला मे राहत देलक अछि। न्यायालय जबरदस्ती पार्टी कार्यालय खाली कराबय पर रोक लगबैत कार्यालय के खाली करबाक लेल दू सप्ताहक समय देलक अछि।

———————————————————————————

पारम्परिक श्रद्धा आ उल्लासक मध्य काल्हि दिवालीक पर्व मनाओल जायत। एहि कारणे हाट–बाजार मे रौनक बढ़ि गेल अछि। विभिन्न स्थान पर लोक लक्ष्मी–गणेशक मूर्ति माटिक दीप, खेलौना आ पूजन सामग्रीक खरीदारी कऽ रहल छथि। दरभंगा जिलाक दू गाम बेनीपुर प्रखंडक नवादा आ बहेरी प्रखंडक पघारी मे आइए दिवालीक पर्व मनाओल जा रहल अछि। एहि गाम मे आरम्भ सँ एक दिन पूर्वहि दिवाली मनाओल जयबाक परम्परा रहल अछि।

एम्हर, दिवाली के लऽकऽ आइ यम दीप निकालल जायत। लोकसभ अपन–अपन घर सँ यमक दीप निकालबाक तैयारी मे लागल छथि।

———————————————————————

सुप्रसिद्ध लोक गायिका शारदा सिन्हाक स्वास्थ्य स्थिर बनल अछि। दिल्ली एम्स मे हुनक इलाज चलि रहल छनि। हुनक पुत्र अंशुमान आइ महापर्व छठि के समर्पित हुनक गीतक ऑडियो रिलीज कयलनि। ओ कहलनि जे हुनक स्वास्थ्य ठीक नहि रहबाक कारणे वीडियो शूट नहि भऽ सकल।

———————————————————————

सहरसा मे पुलिस आ पचास हजारक इनामी कुख्यात अपराधी अमित पासवानक मध्य भेल मुठभेड़ मे अमित के बाँहि मे गोली लागल अछि। पुलिसक अभिरक्षण मे अपराधीक इलाज सदर अस्पताल मे कराओल जा रहल अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक औंसी थाना क्षेत्र मे पुलिस द्वारा चलाओल गेल सघन छापामारी अभियान मे एक तस्कर के अठारह लीटर नेपाली देशी शराबक संग गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त